Если быть очень терпеливым ко лжи, колкостям, недвусмысленным намекам от не самых честных и порядочных людей, то, в самом деле, человек такой, наверное, и есть. По мне так: «Лучшая защита – нападение» - и к самым чертям терпеливость с подставлением другой щеки. Принимаю: «Лучше горькая правда, чем сладкая ложь», откуда ты познаешь, кто враг и кто друг.

Конечно, гораздо лучше среди верных друзей, с которыми можно дать отпор недоброжелателям. Но и в их верности тоже, к сожалению, бывают сомнения.

Замкнутый круг.

**Руми СУЛТАХАНОВА**

ХЕТАРГ

# Дала лардойла вай...

Экстремизм, терроризм – дукха даккхий зуламаш ду уьш, кху т1аьхьарчу заманахь къаьсттина. Дала адамо шена т1е куьг кховдор магош дац. Иза иштта хилар билгалдина а ду: «Шен дег1 дийна волу стаг, жоьжаг1атахь хир ву»,- аьлла. Террористо дуьненан рицкъанах 1ехалой, ваха а воьдий цхьа х1ума эккхуьйту. Цунах дукха нахана зулам долу.




Вайна тахана коьрта оьшуш дерг х1ун ду вайн ворх1е дайшкара схьадеъна г1иллакх, г1уллакх, оьздангалла.

Вайна йуккъехь а нисло воккханиг д1а а тоьттуш, некъ хедош болу кегийрхой. Мел эхь ду иза! Хила йиш йолуш х1ума ма дац иза. Машенаш хоьхку сов чехка: йочане йелахь, т1е хатташ бетташ, йовха зама хилча, т1е ченаш йетташ. Некъашца т1ам т1ехь санна, леш адамаш ду вайн.

Таханлерчу керла хаамашца, вайн республикехь д1адаханчу цхьана к1ирнахь некъаш т1ехь, авариш а йина, ворх1 стаг д1акхелхина, шайна йукъахь бераш а долуш.

Хьалха хиллачу куьйгалхоша вайга баьхнарг х1ун дара? Дин толур ду, хаза дехар ду, маьрша хир ду, Делан калам хьала а ойур ду…. Ткъа х1ун хилира цунах? Дин ца тоделира, адамийн аьттонаш буьйхира, шина т1амехь йерриге а Нохчийчоь аьтта охьа а йиллира. Х1инца уьш, Делан къинхетамца, д1адевлла. Хьехархоша дика мел дерг хьоьхуш ду. 1елимнаха а, шайна Дала беллачу ницкъаца, хьехамашкахь г1иллакх, оьздангалла, Дала хьарам дина долу х1умнаш довзуьйту. Везачу Дала вайн лелочу г1уллакхан т1аьхье беркате йойла, ийманехь нисдалар а, г1иллакх-г1уллакх довзар а лойла!

Терроризм, экстремизм – иза ц1ий ду, вер-ваккхар ду, нанойн белхар ду. Къаьсттина новкъа дерг террористаша а, экстремисташа а шайн зуламна йукъа кегийрхой ийзар ду.

Массо а дай-наноша шайн бераш оцу зуламах лардахьар, ч1ог1а дик хир дара.

Суна луур дара, вайн махкара массо а къаьмнаш ирсе, бертахь дехийла; терроризм, экстремизм боху дешнаш а, цара деш долу зуламаш а вайн дахарера д1адовлийла!

Зуламхочо ойла ца йо, ша бехк боцчу нахана бечу балех. Шена дика болх хилчхьана, кхидолчух цуьнан дог ца лозу. Делан оьг1азло хилла адамаш ду уьш. Дала лардойла вай царах.

**БИБУЛАТОВА Iайнаъ**

ДИЙЦАРШ

# ДоттагІалла



Цхьана урамехь 1аш йара Ирсий, Зезаггий. Даима цхьаьна ловзуш хуьлура и шиъ. Церан доттаг1алла дохо х1умма а хир дац а моьттура массарна а.

Амма цхьана дийнахь дагахь а доцург хилира. Ирса базара а йигина, цунна керла бедарш а, ишколе кхоьхьу т1оьрмиг а, тетрадаш а, къоламаш а ийцира. Шен хазахетар декъа, уьш гайта сихха Зезаг шайга йига йеара Ирса.

– Хьажал, ас хьайна х1ун гойтур йу! Мел дукха йу хаьий хьуна? Т1оьрмиг а мел хаза бу хаьий хьуна? – чукхаччалц са ца тохалора йо1е.

Ирсина эцначу х1уманашка а хьоьжуш, йоьлура ши йо1.

– Г1оза лелайойла ахь х1орш! Собарделахь, кхин муха олура и баккхийчара? Догдиканца… догдиканца… дага ца дог1у суна!

– Догдиканца, дог ца оьшуш! Иштта олура! – дагадаийтира Ирсас.

– Х1аъ! Олура! Уьш тишлуш…

– Хьо йоккха хуьлуш!

Баккхийчара санна, и дешнаш ала шаьшшинна хаарх а, дагадарах а самукъадаьлла, йоьлура ши йо1.

Ц1еххьана цхьаъ дагадеъча санна, ц1а йаха сихйелира Зезаг.

– Со сихха базара йига ала йоьду. Суна а эца ма йеза! Со х1инцца нанига ала йоьду, – д1айедира йо1.

Амма дукха хан йалале, б1аьргаш а ц1ийбелла, йухайеара и. Ирсин х1умашка кхин цкъа а хьаьжира йо1.

– Суна хаза ца хета хьуна хьан х1умнаш! Со кхин йог1ур а йац хьо йолчу, – элира цуо, дегабааме балда а эгош.

– Х1ей, собар! Ахь х1ун до? – цецйелира Ирса.

– Нанас со ишколе йоьдуш йац бохура. Хьо д1аг1ур йу т1аккха, со а йитина, – йелха йолайелира йо1.

Г1овг1анаш а хезна, сехьайелира Ирсин нана.

– Зезаг, наниниг, ахь х1ун до? Хьуна х1ун хилла? – бохуш, и тейан г1ерташ Ирсин нана а йолуш, т1екхечира Зезаган денана Совдат.

– Хьо йедда д1а ма йаха! Хьо туькана ца йигича, йелха йеза? Йоккха йо1 ма йу хьо! – йо1 марайоьллира дененас.

– Со х1унда ца йоьду ишколе, Ирса а йоьдуш хилча? – йоьлхура Зезаг.

– Хьо д1аоьцур ма йац, хьо жима ма йу х1инца а.

– Т1аккха Ирса а ма г1уо! И сан доттаг1 йац кхин?

– Бабина йиса хьо! Ирса йоккха ма хилла, и йаха ма йеза ишколе. Хьо а г1ур ма йу т1едог1учу шарахь, – бохуш, йо1 тейеш, цуьнан куьг а лаьцна, д1айахара йоккха стаг.

– Нана, Зезаг х1унда ца мега соьца школе йан? – хьаьттира Ирсас. Цунна халонга даьллера шен доттаг1чунна иштта вас хилар.

– И хьол шо жима ма йу. И йуха шарахь г1ур йу, – жоп делира нанас.

– Т1аккха ас сайн ах къоламаш д1адала мегий Зезагна? Хьажал, сан ма дукха ду уьш, – элира Ирсас, мухха дина а, цунна цхьа хазахетар дан лууш.

Нана йелайелира.

– Цуьнан долуш ма ду суьрташ дахка къоламаш. Ша хьоьца ишколе ца йаийтина халахеташ ма йу и. Ткъа и къоламаш ца хилча, хьоьга ишколехь массо а т1едиллар кхочушдалур дац.

Ирса ойлане йелира, шайн дуоха кечделла доттаг1алла х1ун дина к1елхьардоккхур дара ца хууш.

Суьйранна Ирса Зезаг йолчу йахара. Зезаг шен ловзаргашна йуккъехь 1аш йара, амма шеца ловзуш Ирса йоцуш, башха самукъа ца долура цуьнан. Шен доттаг1а гича, цунна хазахийтира.

– Ишколе йолайелча, хьо со йолчу йог1ур а йац кхин? – хьаьттира цуо.

– Йу дера! Со сарралц хир ма йац цигахь! Кхин вайшимма х1ун дийр ду хаьий хьуна? Ас тхайна школехь мел 1амийнарг йуха хьуна 1амор ду. Массо элп а, массо пример а. Т1аккха йуха шарахь ишколе йахча, хьо массарал дика дешархо хир йу!

Зезаг йелакъежира.

– Суна массарал дика хуур ду йеша а, йаздан а. Дуй?

– Х1аъа!

– Массо а хаттарна жоп хуур ду.

– Ду дера.

– Вайшиъ цхьаьна лелар йуй ишколе? – хьаьттира Зезага.

– Лелар йу дера! Хьо сан уггар дика доттаг1а ма йу!

– Ирса, ахь дов д1адоккхий соьца? – ц1аза-п1елг д1акховдийра йо1а.

– Доккху, – шен ц1аза-п1елг Ирсас а кховдийра схьа.

– Вайн ненан корта ма лозийла, шайт1анан ненан корта лозийла! – шайн берийн маттахь, берийн амалехь дов д1адаьккхира шина йо1а.

# Лулахой

Тхан лулахь баха керла доьзал беача, со жима яра. Дахар шатайпанчу басаршца гора хІетахь. Суна хазахетара Іуьйрана балха йоьдучу къоначу зудчо урамновкъахь яьккхина ІатІаран хьожа. Суна хазахетара цуьнан жима йовлакх тиллина охьахецна, йоца хедийна хьаьрса месаш, гуттар а лекхачу кІажи тІехь цо лело туфлеш. Цкъа а кІордор дацара аьлла хетара цуьнга хьежа.

– Дера яц иза а зуда хуьлучу тайпанах, цуьнан хатІе хьаьжча а гуш ду, ша йисахь, и кІант хІаллакйийр волуш ю, – олура дененас, кетІа яьллачу тхойшинна иза тІехъяьлча, – Цуьнан дейижарий а бу, бах, и санна айгІарш, – тІе а тухуш.

И зуда тхан юьртара яцара, дейижарех дерг цхьанхьа хезнера йоккхачу стагана. Даим сихдина болар долуш, эг1азчу дегІахь волу керла лулахо кетІановкъа ваьллачуьнга вистцахуьлуш цкъа а тІех ца волу аьлла гІараваьллера. Иза цуьнан зудчух аьндоцург дара.

Кхиъна йогІуш хаза йоІ яра сан шича. Цхьана сарахь шеца цо со хи тІе юьгуш, керла лулахо кхийтира тхох. Некъан бахалла цуьнга дагара дийцира лулахочо. Суна дерриг къамел дага ца догІу, я ас лерина ла а ца дуьйгІира, амма гуттаренна а сан даг чохь дисинарг:

– Сайн майрачуьнга иза везаш еана ма яц со, цо ядийна ма ю. Я хІинца а яц иза везаш Іаш.

Цунах къахеттачу шичас сихха хаьттира:

– ЦІа хІунда ца йоьду хьо?



– Вежарех цаяхьарна ца йоьдукх. Кхин даьлла хІума а доцуш, могуьйтур дац суна цара. ДІаяха бахьана далахьара-м, Іийр яцара…

Зудий, майрий сарахь чудирзинчу хІусамера схьахезачу девнех лулахой юьхьанца цецбийлинехь а, тІаьхьо, уьш иштта хила дезаш санна, боьллера. Іуьйрана балха боьлхуш цкъа а цхьаьна ара ца долура и шиъ, тІаьхьий-хьалхий бен.

Лекхачу туфлеш тІехь Іуьйрана балха йоьду, сарахь цІа йогІу лулахо ас тергалъешшехь, гІенах санна тІехтилира аьхкенан хан.

Гурахь, цхьана Іуьйрана, луларчу кертара хІусамдена ца карийра шен цІийнан нана. Стенна делахь а, зудчо диначух цецбевлларш дукха ца карийра. Наха шайна хета-хетарехь дуьйцура цунах. Кегийчара, шега ца йогІу зуда ялийна охьахиъна дела, хила деззарг хилла олура. Ткъа къаноша, ша дуьненахь декъала хилча ца хууш зударий хуьлу, дакъазбовла хьаьхна зударий бу иштташ, олура. Зуда дІаяхана висина стаг а, хьиэн а ца луш, дІавахара, наха дийцарехь, шен нана ехачу керта.

Цул тІаьхьа дикка хан яьллера. Суна кест-кестта дагабогІура тхайн хилла лулахой. Стага-м, цхьаъ дІайохуьйтуш, кхин ялош, масех зуда ялийна бохуш, дуьйцура, ткъа йоца хедийна хьаьрса месаш йолчу зудчух цхьаммо а дош олуш ца хезнера суна.

Дехьарчу юьртахь марехь йолу ненан йиша йолчу хьошалгІа яхана, цІа ян араяьлла лаьтташ яра со. РогІера гІала йоьду автобус, стенна делахь а, хьееллера цу дийнахь. Геннара дуьйна тидам хилира сан суо лаьттачу социйле догІучу зудчун а, стеган а. Стагал цхьа гІулч тІаьхьайогІу зуда шен духарца а цхьаьна хьеннан а бІаьрг шена тІехь соцур болуш, куц-кеп долуш гора. Генара дуьйна а къаьстара иза езаеш хилар. Къамел хезаш дацахь а, цаьршимма цхьаъ къуьйсу сурт дара гушдерг. Иза стаге дІа а ца хьожура, хьаьжа юккъе шад гулбина, батт сеттош, цхьаъ дийцар бен. Герга мел кхочу а бІаьстенан аьхначу махо, хІаваэхь дешнаш даржош, аз схьакхоьхьура. Стага, леррина цуьнга а хьожуш, чІогІачу озаца цхьаъ олура. Човхийна зуда, корта раз а берзош, ша-шега луьйш санна, цхьаъ дуьйцуш, балдаш меттахъхьедан йолалора.

Шаьш схьаькхаьчча, багахь ден гІамгІим сацош, юьстахо дІахІоьттира иза, ткъа стаг, машен лаца дагахь, некъан йистехь сецира. ХІетахь тхан лулахь Іаш йолчу хенахь ма-хиллара, хедийна яра хьаьрса месаш. Юьхь тІера мелла а къанъелла ала мегар дара, хІетте а комаьрша хьаьрчинера цунах хазалла. Суна дагатесира иза, цо, хІетахь хиллачу майрачуьнца ирс доцуш ю ша бохуш, леткъамаш бар. Ткъа хІинца ярий-те иза ирсе?

Церан доьзалан сурт хІотто хьаьжира со. Мел чІогІа коьртана ницкъбарх а, нис ца лора иза. Соьга сурт ца хІотталора: и зуда бер карахь цІийндена юург кечъеш, хІума юьттуш, я елаелла-екхаелла, оьшучохь цуьнан дог оьцуш.

Ларамза тидам хилира сан: зуда йолчу агІорхьа цуьнан некъахо хьожуш цуьнан бІаьргаш чохь хаалуш безам бара. ХІунда дара а ца хаьа, къахийтира суна цу стагах. Декъаза хийтира и зуда еза стаг.

ГІенах санна дара, царех ойла ечу суна кІайн Волга сацош гар.

– ГІала кхочий хьо? – аьлла, хаттар а

– Кхочу, – аьлла, жоп хазар а,

Сан ойланаша схьалаьцнарг деккъа оцу зудчун дахаран гІаларт дара. Суна дагадаьхкира хІетахь баккхийчара олуш хезна дешнаш:

– Ша дуьненахь декъала хиллий цахуучу зударех ю дакъазаяла хьаьхнарг.

И дешнаш шена ца хезнехь а, церан маІна ца хаахь а, оцу зудчун безамах, ирсах а шен кхетам бара. Хетарехь, хІоранна а ирс бес-бесарчу басаршца го хир ду-кх.

Юьртара араболучу новкъахь жимлуш дІаяйначу машенна тІаьхьа хьоьжуш латта йисина со а, кхин дукха ца Іаш автобус схьаеъна, дІаяхара. Йоца хедийна хьаьрса месаш йолу зуда суна кхин ца гира. Доца хиндолчух тера дара цуьнан рогІера «ирс» а.

**ТАПАЛАЕВА Аминат**

# Шозза дуьне дохар

Молла-Несарте хьаттина:

– Дуьне маца духур ду?

– Муьлха дуьне дохар хоьтту аша?

– Ойн, маса хуьлу и дуьне дохар? – цецваьлла кхуьнга хоьттург.

– Нагахь сан х1усамнана лахь – жима дуьне дохар хуьлу, нагахь со лахь – т1аккха баккъал дуьне дохар а хуьлу-кх! – жоп делла Молла-Несарта.

# Г1енах ахча гар

Г1енах цхьамма шега исс сом кхийдош гина Молла-Несартана. Схьа ца оьцуш дуьхьалваьлла хилла х1ара:

– Туьма мукъане а дузийта! – бохуш.

Эццахь тохавелла самаваьллачу Молла-Несартана шен ши куьг деса карийна. Сихха б1аьргаш йуха д1а а хьаббина:

– Схьало т1аккха исс сом! – аьлла.

**Гочдинарг – ПЕТИРОВА Пет1амат**

# РабиIIан воI Абуль-Iас

РабиIIан воI Абуль-Iас тайпана Къурайшин вара, Iабду-Шамсан некъи а волуш. Иза вара нуьре бос а болуш, доьналлех а, тешамах а вуьзна жима къонах. Цуьнан хьажар, куц-кеп, болар шегахь товш а долуш, массеран а шена тIе бIаьрг хIуттуш, къурайшин элашна йукъахь сий а долуш кхиъна жимастаг вара. НIиматашкахь сов валарна, сийлалло вазвинера Абуль-Iас. Цундела, шен заманахь болчу къонахашна йуккъехь тоьлла къонах хилла дIахIоьттира и сийлахь кIант. Иза тIера вара шайн дайн цIушна а, жIарашна а, дайн болх дIа ца тасарна а, церан омранна а тIера хиларца, цаьрца шен йахь а, доьналла а, къонахалла а хеташ. ХIетте а Абуль-Iас бин РабиII гIараваьлла вара шен тешам, йахь, къонахалла, доьналла лакхара хиларца Маккин элашна йуккъехь а, цу махкал арахьа а.

Къурайшин тайпанера йохк-эцар схьаэцнера Абуль-Iаса. Шарахь шозза къепал арайоккхура Къурайшин тайпано Макки чуьра: Iай а, аьхка а. Къурайшийн къепалш совцуш а йацара дIасалелачуьра Маккина а, Шемана а йуккъехь. Абуль-Iасан къепал хуьлура 100 эмкалх а, 200 стагах а йуьзна. Цуьнга наха шайн даьхни лора, цуьнан йохк-эцар дIайахийта а, шайна гIуллакх хилийта а, оцу балхехь иза говза а, тешаме а, нийсо, бакъо ларйеш хиларан а бахьана а долуш.

Абуль-Iасан ненайиша йара Хувайлидан йоI Хадижат, Делан Элчанан (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) хIусамана хилла йолу. Абуль-Iас Хадижата лоруш вара, нанас шен кIант санна, шен сица а, дегIаца а. Хадижатна гергахь йишин кIанта дIалаьцнера уггаре а лекха а, сийлахь а меттиг. Ша цунна дукхавезарна, гуттар а церан хIусаме вуссуш вара Абуль-Iас. Делан Элчанна (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) Абуль-Iас дукхавезар Хадижатначул а кIезиг а дацара.

Хан а, шераш а сиха дIадахара IабдуллахIан кIентан Мухьаммадан (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) хIусамехь. Хаза хьожа йогIу исбаьхьа экам зезаг санна сиха кхиира Мухьаммадан а, Хадижатан а йоккхахйолу йоI Зайнаб. Маккара сийлахь болу элий бара шайн-шайн кхиинчу кIенташна Зайнаб йига цергаш хьекхош, цуьнга сатуьйсуш, кIел хевшина. Церан дог дохийла йара, Зайнаб Къурайшийн тайпанах уггаре сийлахьчу хIусамера хиларна а, тоьллачех сийлахь да-нана хиларна, хазаллина а, гIиллакх сов тIех хиларна а ша гIарайаьлла а йолуш.

Амма, Абуль-Iас и йезаш вуйла хиъча, дукха ойланаш а ца йеш, дас-нанас дIайелира Зайнаб шайна дукхавезачуьнга.

Абуль-Iас а, Зайнаб а цхьаьнакхеттачул тIаьхьа масех шо а далале, сий долчу Пайхамаре (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) Делера пайхамаралла доьссира, ислам-динан нуьрах Макка лепа йуьйлира. Дала омра дира, хьайн тайпане кхайкхар деш ислам-дин дIакхайкхаде, уьш нийсонан, бакъонан дине кхайкхa, аьлла.

Делан Элчанца (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) дуьхьара ийман диллинарг цуьнан хIусамнана Хадижат йара. Цунна тIаьхьхье ийман диллира Зайнаба а, ПетIамата а (ша жима йоллушехь).

Абуль-Iасна ца лиира шен дайн «динах» дIакъаста. Оццул безамца а, лерамца а шен хIусамнана къастош воллушехь, Зайнаба тIелаьцначу дине ца вирзира хIусамда.

Мухьаммад пайхамарна а (Делера салам маршалла хуьлда цунна!), Къурайшин тайпанна а йуккъехь долу дов чIагIделлачу хенахь, Къурайшин наха вовшашка элира: «Аш оцу Мухьаммадан кочара баланаш, гIайгIанаш дIайаьхна, шайн кIенташна цуьнан йоьIарий бигарца. Цуьнан йоьIарий аш цIаберзийча, уьш бахьана долуш дин кхайкхочуьра йухавер вара иза, и кхайкхо хан а хир йацара цуьнан, цул чIогIа болу доьзалан сингаттамаша дIалоцур йара цуьнан хан».

Цхьаболчара элира, иза вуно нийса хIума ду. Цул тIаьхьа уьш Абуль-Iас волчу а бахана, цуьнга кхайкхам бира:

- ХIай Абуль-Iас, оцу вайн мостагIчун Мухьаммадан йоI, хьайн хIусамнана йитий, шен ден хIусаме дIайахийта, цуьнан меттана Къурайшин тайпанах хьуна йезза зуда йоуьйтур йу оха.

Абуль-Iаса жоп делира цаьрга:

- Вайн делаца дуй буу ас, сайн хIусамненах со къьастар ма вац, дуьненчуьра берриге зударий аш суна балийча а, царах ас Зайнаб хуьйцур а ма йац.

Мухьаммадан (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) ши йоI Рукъиййат а, Умму Кулсум а йита а йитина цIайалийра церан хIусамдайша. Амма Делан Элча-м (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) шен ши йоIцара цIайалийна воккхавина а ца волура, Делан мостагIех уьш маьрша бовларна. Зайнаб а йаийтахьара оцу Абуль-Iаса иштта цIа аьлла хеташ вара Делан Элчана (Делера салам маршалла хуьлда цунна!). Амма, Абуль-Iасе и йитийта а, цуьнгара иза схьайаккха а аьтто бацара цуьнан, хIунда аьлча, бусалба воцчуьнга йахар-йар дехкарх лаьцна Делера хаам-кхайкхар хилла дацара Элчане хIетахь.

13 шо Маккахь а даьккхина, кхин биттане а бита а ца битина, Мадината хIиждрат дина Делан Элча (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) шен накъосташца дIаваьхача, Мадинатахь динан болх чIагIбелира. Оцу заманахь Бадрунехь тIом кхайкхийча, шен дан хIума ца хиларна, Къурайшин тайпанца бусалба нахана дуьхьал аравала дийзира Абуль-Iасан а. Абуль-Iас ванне а вацара бусалба нахана дуьхьал тIом бан а, йа царна зен дан а лаам болуш. Къурайшин тайпанна йуккъехь шен сийлахь меттиг хилар бахьана долуш, цаьрца тIаме вахар нисделира цуьнан.

Къурайшин тайпанна боккхачу эшамца, уьш сийсаз а хуьлуш чакх белира Бадрунехь хилла тIом. Къурайшин цхьаболу баккхий элий байъира, цхьаберш йийсар бира, биснарш бевдда кIелхьара бевлира.

Йийсар бинчарна йуккъехь вара Абуль-Iас а, Пайхамаран (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) йоьIан хIусамда.

Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) маха балар тIедожийнера йийсархошна. Цхьана эзарна тIера диъ эзар дирхIамна тIекхаччалц маха такхар дара хIоранна а тIехь, церан хьоле хьаьжжина. Маккина а, Мадинатна а йуккъехь гeланчаш дIабуьйлабелира, шайншайн йийсархой даьхница схьаоьцуш, маьрша бохуш. Зайнаба а ваийтира геланча Мадината, шен хIусамда Абуль-Iас маьрша ваккхархьама. Зайнаба шен махин йуккъехь дашо зIе йаийтинера, шен нанас Хадижата Абуль-Iасе маре йоьдучу буса, шена совгIатана йелла йолу.

вай.

- Дика ду, хIай Делан Элча (Делера салам маршалла хуьлда цунна!). Хьо реза ван оха массо хIума а дийр ду-кх, элира цара.

Бакъду, Абуль-Iасна тIехь бехкам хIоттийра Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлда цунна!): « Хьо дIа ма-вахханехь Зайнаб суна тIехь схьа йаийталахь», аьлла.

Абуль-Iаса Макка дIакхачарца, сихонца ша тIелаьцна бехкам кхочушбира. Цо шен хIусамнене Зайнабе омра дира «Зайнаб, кечлолахь сихха, Мадината дIайаха. Хьан дас хьо дIайийга бахкийтина шен накъостий бу хьоьжуш Маккел арахь», аьлла.

Зайнабана новкъана йаахIума а, тIехаа эмкал а кечйира Абуль-Iаса. Шен ваша Iамр вахийтира Абуль-Iаса Зайнаб шен ден накъостех дIакхето.

Абуль-Iасан ваша Iамр кечвелира шен Iад а, цуьнан пхерчий чуьра ботт а белшах а теснa. Зайнаб эмкал тIерчу тускар чу а хаийна, дийнан делккъехь, берриге а Къурайшин тайпанна хьалха ган а гуш, Маккех вала дIаволавелира.

Оцу балхо шаьш тIех сийсаз бина хетабелла Къурайшин элий, маьхьарий а бевлла, доккха орца даьккхина цаьршинна тIаьхьа хьаьлхира. Кхерамаш туьйсуш, йаппарш йан буьйлира уьш.

Оцу Делан сохьтана шен Iад схьа а оьцуш, пхерчий чуьра ботт шена хьалха охьа а йуьллуш Iамра элира:

- Ша делаца дуй буу, оцу Зайнабана шух цхьаъ герга хилахь, цуьнан накха сайн нийса кхетачу пхонаца лоцур ма бу.

Iамр шен РабиI гIараваьлла вара, говза пха тухуш.

ТIаккха хьалхавелира Маккин эла волу Абу Супьян, Iамре мохь а тухуш:

- ХIай сан вешин кIант!

ваьлла хьо. ХIара сурт бахьанехь тхан нахана йуккъехь сийлахь цIе йужур йу, сийсаз цIе а туьллуш, тIехтохамашца. Цундела хIара Зайнаб а эций хьо йуха цIагIо Макки чу. Масех дийнахь шен хIусамден хIусамехь а йитий, нахалахь «Къурайшин наха Мухьаммадан йоI Зайнаб йуха а йалийна, шен чохь сацийна» аьлла хабар даьржинчул тIаьхьа, буса къайлах тхуна а ца гуш дIайуьгур йу ахь. Маккахь хIара сецо тхан цхьа а хьашто йац, ахь тхешан бIаьргашна хьалха тхо сийсаз ца дичахьана».

Абу Супьяна бохучунна реза а хилла, Зайнаб а йалош йуха а веана, масех дийнахь собар а дина, буса дIакхетийра Iамра иза, шен ден геланчех.

Шен хIусамненах къаьстинчул тIаьхьа цхьа зама йаьккхира Абуль-Iаса Маккахь. Къепалца шен йохк-эцар йан Шема махка вахара иза. Цигара шен пайда а эцна цIавогIучу хенахь, Мадинатна гергахь волчу хенахь, 100 эмкалца шен къепал а йолуш, 170 стаг шеца накъост а волуш, царна дуьхьала арабевлира Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) арабаьккхина бIo. Цара и къепал а схьайаьккхира, цуьнца болу нах йийсар а бира. Абуль-Iас ведда кIелхьара велира оцу гонехь, кара ца воьдуш.

Буьйса гуттар а бодано лаьцначу хенахь, боданан хьуламехь, кхоьруш, ларлуш, лечкъаш Мадината чу веара Абуль-Iас. Воьддушехь шен хIусамнана хилла йолу Зайнаб йолчу вахара иза. Цо дехар дира Зайнабе, ша хьайн Iуналле лацахьара, аьлла. Зайнаба иза тIелецира.

Оцу Iуьйранна, Делан Элча (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) шен метте ламазана хьалха ваьлла дIахIоьттина, цара ламаз дIадихкича, Зайнаба тIехьарчу зударийн могIарера схьа мохь туьйхира:

И зIе шен бIаьргашна схьа ма-гиннехь йевзира Делан Элчанна (Делера салам маршалла хуьлда цунна!). Цуьнан йуьхьа тIехь гIайгIанан чкъор лацаделира, генна ойланашка вахьбира иза, Хадижат а, Зайнаб а дага а йогIуш. Дог кIадделира цуьнан. Шен накъосташка а хьожуш, Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) элира:

- Зайнаба хIара даьхни даийтина Абуль-Iас маьрша ваккха. Нагахь санна шу реза делахь хIара йийсархо дIа а хоьцуш а, цуьнан даьхни йуха дерзор дара

ДIадаха и хьайн пхерчий, хьайга цкъа къамел даллалц.

Пха охьахиийцира Iамра.

- Хьажал хьо дукха вахарг, айхьа дийриг нийса ца дина ахь, Iамр. Хьо хIара Зайнаб а эцна араваьлла, дийна делкъехь, массарна а ган а гуш. Массо а Iаьрбашна а хууш ду, Бадрунехь хилла тIом а, цигахь Къурайшин нах эшна хилар а. Иштта хIокху Зайнабан дегара вайга кхаьчна бала бу массарна а хууш. ТIаккха оцу Мухьаммадан йоIа эцна, массеран а бIаргашна хьалхахь, ган а гуш, тхо сийсаздарца ара-

- Со Мухьаммадан йоI Зайнаб йу шуна. Абуль-Iас ас тIелаьцна ву шуна, аш а иза тIелацалаш.

Ша салам а делла, ламаз дIадерзийна ма-веллинехь, йуха а хьаьжна Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) элира:

- И суна хезнарг шуна а хезирий, хIай нах?

- Хезира, хIайн Делан Элча! - элира цара.





**Муртузов Имама дуьйцуш дIайаздина Идрисов Ислама**

ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?

# Интересные факты

*Некоторые виды ленточных червей при отсутствии еды поедают сами себя. При этом они могут съесть до 95% своего тела.

*На Северном полюсе нет пингвинов, вопреки распространенному стереотипу.

*Еще никто не смог приручить Африканского слона. Только Индийский слон поддается дрессировке.

*Крыса может упасть с пятиэтажного здания без каких-либо повреждений.

*Даже маленькая капля алкоголя, помещенная на скорпиона, сводит его с ума. Скорпион жалит себя до смерти.

*Самый распространенный язык – китайский. А второй по распространенности – испанский. Английскому же достается почетная бронза.

*Средняя продолжительность жизни японских женщин составляет 84 года; в то время как продолжительность жизни женщин в Ботсване составляет лишь 39 лет.

*Более чем 70 процентов населения планеты никогда не слышали звонка телефона. В Африке только один из 40 человек имеет телефон.

*Первым, кто глобально повлиял на климат Земли, был Чингисхан, за время завоеваний которого погибло 40 млн человек. Из-за этого сельскохозяйственные угодья заросли лесами, и выросшие деревья поглотили на 700 млн больше тонн углерода, что в итоге привело к охлаждению климата нашей планеты.

*Согласно исследованиям, недоношенные дети чаще бывают левшами, чем родившиеся в срок.



## Объявление

Абреков Камиль Забитович, проживающий по адресу г. Хасавюрт, ул. Рихарда Зорге, 25, разыскивает владельцев домовладения, расположенного по адресу: г. Хасавюрт, ул, Рихарда Зорге, 27, для проведения межевания земельного участка.




«НИЙСО-ДАГЕСТАН»
6+

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Агентство информации и печати РД
***
ИЗДАТЕЛЬ:
ГБУ РД «Этномедиахолдинг «Дагестан»
***
Гл. редактор
У. А. ЯКИЕВ
***
Адреса издателя и редакции:
367018, Республика Дагестан, г. Махачкала, пр. Насрутдинова, 1а
368009, Республика Дагестан, г. Хасавюрт, ул. Увайса Мусаева, 18
***
Телефон:
8(8722) 66-00-62
***
E-mail:
nniyso@bk.ru
niyso@etnomediadag.ru
***
Сайт:
http://niyso-dag.ru
***
Газета выходит 48 раз в году
***
Индексы:
полугодие - 51343;
год - 63256
***
Тираж - 1046 экз.
***
Цена - 10 рублей
***
Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Позиция редакции может не совпадать с мнением авторов.
***
Газета зарегистрирована ЮОМТУ ПТР Российской Федерации
***
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00426 от 30 апреля 2019 г.
***
Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции
***
Газета отпечатана в ООО «Феникс-пресс»: 368430, РД, Шамильский район, с. Хебда, ул. Сураката Асиятилова, д.1
***
При перепечатке материалов ссылка на «Нийсо-Дагестан» обязательна
***
Газета основана в августе 1990 г., выходила под названием «Голос народа»
С марта 2001 г. «Нийсо-Дагестан»
***
Газета выходит по четвергам
***
Время подписания в печать - 16.00
Фактическое - 16.00
ЗАКАЗ №